

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


Métode panalungtikan mangrupa hiji cara atawa prosedur anu digunakeun pikeun ngalaksanakeun panalungtikan. Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Pamarekan kualitatif digunakeun dina ieu panalungtikan, lantaran data anu ditalungtikna mangrupa kecap-kecap, frasa, klausa, kalimah dina tulisan. Saluyu jeung nu diébréhkeun ku Bogdan jeung Taylor (dina Muhammad, 2011, kc. 30) yén panalungtikan kualitatif téh nyaéta prosedur panalungtikan anu ngahasilkeun data mangrupa kecap-kecap dina wangun lisan atawa tulisan, sarta barang-barang, nu ditalungtik sacara rinci sangkan ma'na nu nyamuni tina éta dokumén atawa tina éta data bisa kacangkem.

Nurutkeun Azwar (2012, kc. 7) métode déskriptif téh nyaéta métode panalungtikan anu ngagambarkeun sacara sistematis jeung akurat. Ieu métode ogé ngainterpretasikeun objék sacara saenyana. Tujuan tina digunakeunna métode déskriptif dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun wanda ragam basa panyatur, ragam basa sipat kaformalan, sarta pungsi omongan nu dipatalikeun kana ragam basa antara panyatur jeung pamiarsa nu aya dina acara *Sampurasun Balaréa* AKTV.

3.1 Désain Panalungtikan

Desain panalungtikan penting pikeun digunakeun ku panalungtik, sangkan panalungtikan anu rék dilaksanakeun bisa leuwih museur. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 22) desain panalungtikan mangrupa prosés anu dirarancang pikeun ngajawab sarta ngajéntrékeun sababaraha masalah anu aya dina panalungtikan. Desain panalungtikan atawa rarancang sistematis ieu téh disusun leuwih ti heula pikeun digunakeun ku panalungtik dina raraga ngalaksanakeun ieu panalungtikan. Nu eusina ngeunaan léngkah-léngkah dina ngayakeun panalungtikan. Satuluyana, desain dina ieu panalungtikan digambarkeun dina alur bagan saperti ieu di handap.

Bagan 3.1
Désain Panalungtikan



3.2 Sumber Data Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 129) nu dimaksud sumber data panalungtikan nyaéta subjek dina ngahasilkeun data. Sumber data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta video acara *Sampurasun Balaréa* AKTV 43 UHF. Ari datana nyaéta paguneman anu ngandung wanda ragam basa panyatur, sipat kaformalan ragam basa, sarta pungsi omongan dina ragam basa nu dilakukeun ku juru siar jeung narasumber dina acara *Sampurasun Balaréa* di tanggal 08 Maret 2018.

Acara *Sampurasun Balaréa* mangrupa salasahiji program acara nu midang di AKTV 43 UHF Cimahi nu ngagunakeun basa Sunda salaku basa panganteurna. Ieu acara dipidangkeun unggal poé Kamis jam 19.00-21.00 WIB, sarta dipandu ku Dora Dori. Ieu program téh mangrupa gelar wicara nu ngaguar ngeunaan masalah-masalah anu aya di Jawa Barat. Upamana waé, ngeunaan basa, budaya, kasenian, atawa layanan masarakat.

Narasumber nu diondang kana acara *Sampurasun Balaréa* teu ngan saukur inohong-inohong Sunda wungkul, tapi aya ogé nu di saluareun urang Sunda. Antukna, bébédaan kasang tukang panyatur jiga kitu téh mangaruhan kana basa Sunda nu digunakeun nalika komunikasi. Boh ku cara nyadur dialék basa Sunda séjén, boh nyieun saduran tina basa Indonesia, basa asing, atawa nu séjénna.

Lian ti dipidangkeun sacara langsung di stasiun TV lokal AKTV, acara *Sampurasun Balaréa* diapungkeun ogé dina akun resmi *youtube* AKTV 43 UHF. Sangkan, pamiarsa anu kaliwatan nongton éta acara di poé harita teu matak katinggaleun informasi. Anu satuluyna akun *youtube* AKTV ieu dipaké ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data acara *Sampurasun Balaréa* nu midang di tanggal 08 Maret 2018 pikeun ditalungtik ragam basana ku cara ngunduh video dina éta akun *youtube*.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data panalungtikan nyaéta ngagunakeun metode simak tanpa libat cakap kalawan téhnik dokuméntasi. Metode simak tanpa libat cakap digunakeun ku sabab panalungtik teu ilubiung sacara langsung kana paguneman, tapi ngan saukur niténan (Muhammad, 2011, kc. 208).

Dina ieu hal panalungtik ngan saukur niténan video acara *Sampurasun Balaréa* AKTV anu diunduh dina akun resmi *youtube* AKTV 43 UHF. Ari téhnik

dokumentasi atawa téks, nyaéta téhnik ngumpulkeun data tina sumber tinulis (Sudaryat, 2004, kc. 57). Léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

- 1) ngunduh acara *Sampurasun Balaréa* nu midang di tanggal 08 Maret 2018 di saluran *youtube* AKTV 43 UHF ngagunakeun aplikasi *Save From*;
- 2) ngalakukeun kagiatan transkripsi video nu geus diunduh, kana wangun tulisan dina *ms. office word*;
- 3) nyalin omongan ragam basa kana kartu data, jeung
- 4) méré nomer kode data.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa alat atawa fasilitas nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanna leuwih gampang tur meunangkeun hasil anu hadé, dina harti anu leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis sangkan babari diolah (Arikunto, 2010, kc. 203). Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta aplikasi ngunduh video *Save From*, jeung kartu data.

1) Aplikasi Ngunduh Video *Save From*

Aplikasi *Save From* dipaké pikeun ngunduh episode program acara *Sampurasun Balaréa* nu midang di tanggal 08 Maret 2018. Aplikasi *Save From* mangrupa salasihiji aplikasi pikeun ngunduh video sacara *online* nu disadiakeun ku *google*, ku cara nambahkeun alamat *link youtube* anu rék diunduh kana kolom unduhan nu disadiakeun dina éta aplikasi.

2) Kartu Data

Instrumén séjén anu digunakeun nyaéta kartu data, anu dipaké pikeun nyalin omongan ragam basa tina video *Sampurasun Balaréa* nu geus diunduh sarta ditanskripsi, kana tabél data dumasar kana wanda ragam basa panyatur, ragam basa sipat kaformalan, fungsi omongan dina ragam basa antara panyatur jeung pamiarsa, ségmén jeung tanggal midangna acara *Sampurasun Balaréa* AKTV nu lumangsung, sarta ngaran panyatur.

Tabél 3.4
Kartu Data

<p>Data: ”Anjeunna ogé kapeto pikeun natar guru-guru kitu nya.” (2A/SB2/08/DD)</p> <p>Analisis:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Wanda ragam basa panyatur 2. Ragam basa sipat kaformalan 3. Pungsi omongan nu dipatalikeun kana ragam basa antara panyatur jeung pamiarsa
--

Katerangan:

- 2 = ragam basa sipat kaformalan
A = Ragam Basa Hormat
SB2 = *Sampurasun Balaréa ségmén ka 2*
08 = tanggal midang acara *Sampurasun Balaréa AKTV*,
08 Maret 2018
DD = Dora Dori (panyatur)

3.5 Analisis Data

Téhnik analisis data mangrupa kagiatan nganalisis jeung ngolah data. Téhnik analisis data nu digunakeun nyaéta téhnik analisis unsur langsung. Sudaryanto (dina Muhammad, 2011, kc. 247) nétélakeun yén téhnik dina unsur langsung nyaéta téhnik analisis data ku cara ngapasing-pasing data jadi sababaraha bagian nu disebut data siap analisis. Di sagigireun éta, Hockett (dina Sudaryat, 2004, kc. 58) nétélakeun yén téhnik ngolah data analisis unsur langsung (*immediate constituent (IC) analysis*), nyaéta analisis nu niténan unsur-unsur basa anu langsung ngawangun unsur saluhureunana. Pikeun maluruh éta hal, ieu data panalungtikan bakal diolah kalawan léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) niténan deui data ragam basa nu geus dikumpulkeun;
- 2) nyieun papasingan ragam basa dumasar kana wanda panyatur, ragam basa sipat kaformalan, sarta punksi omongan dina ragam basa antara panyatur jeung pamiarsa nu aya dina *Sampurasun Balaréa AKTV*;
- 4) nganalisis ragam basa dumasar kana wanda panyatur, ragam basa sipat kaformalan, sarta punksi omongan dina ragam basa antara panyatur jeung pamiarsa nu aya dina *Sampurasun Balaréa AKTV*;

- 5) ngadéskripsikeun data ragam basa wanda panyatur, ragam basa sipat kaformalan sarta pungsi omongan dina ragam basa antara panyatur jeung pamiarsa nu aya dina *Sampurasun Balaréa AKTV*;
- 6) napsirkeun data ragam basa wanda panyatur, ragam basa sipat kaformalan, sarta pungsi omongan dina ragam basa antara panyatur jeung pamiarsa nu aya dina *Sampurasun Balaréa AKTV*, sarta
- 7) nyieun kacindekan tina sakur data nu dianalisis.

Dina nyieun papasingan data dilaksanakeun ku cara méré nomer kode, wanda ragam basa panyatur *akrolék* dicirian ku kode (1a), wanda ragam basa panyatur *basilé* dicirian ku kode (1b), wanda ragam basa panyatur *vulgar* dicirian ku kode (1v), wanda ragam basa panyatur *slang* dicirian ku kode (1s), wanda ragam basa panyatur *kolokial* dicirian ku kode (1k), wanda ragam basa panyatur *jargon* dicirian ku kode (1j), wanda ragam basa panyatur *argot* dicirian ku kode (1r), sarta wanda ragam basa panyatur *kén* dicirian ku kode (1n).

Analisis ragam basa séjénna nyaéta anu nuduhkeun sipat kaformalan dina ngagunnakeun tatakrama basa dicirian ku kode (2A) pikeun nuduhkeun ragam basa hormat/lemes, kode (2B) nu nuduhkeun ragam basa teu hormat/kasar, sarta kode (2C) nu nuduhkeun ragam basa campuran basa Sunda lemes jeung kasar.

Di sagigireun éta, analisis pungsi omongan dina ragam basa dicirian ku (3As) nu nuduhkeun pungsi omongan *asértif*, pungsi omongan *impositif* dina ragam basa dicirian ku (3Im), pungsi omongan *komisif* dina ragam basa dicirian ku (3Kom), sarta pungsi omongan *éksprésif* dina ragam basa dicirian ku (3Éks).